



2024
KONTE MIAMI-DADE
PLAN DAKSYON
VISION ZERO



Mas 2024

MESAJ MAJISTRA A



Chè rezidan, biznis, vizitè ak travayè Konte Miami-Dade,

Sekirite piblik se yon dwa imen fondamantal. Li gen ladan li dwa pou vwayaje an sekirite, kèlkeswa mwayen transpò a. Se pou rezon sa a nou ap envesti nan divès opsyon transpò sekirite, kit se kondui, monte bisiklèt, mache, oswa itilizasyon transpò piblik.

Malerezman, twòp moun nan kominote nou an soufri doulè ki genyen nan pèdi yon pwòch nan aksidan sikilasyon sou wout nou yo. De 2018 a 2022, te gen 1,593 zanmi nou, fanmi nou, ak kòlèg nou nan Miami-Dade ki pèdi lavi yo trajikman. Nou dwe elimine aksidan mòtèl sa yo ak blesi sa yo ki chanje vi moun, ki fèt akòz moun ki ap kondui pandan yo distrè oswa pandan yo pa gen kontwòl tèt yo, akòz eksè vitès, akòz konsepsyon wout ki bay sikilasyon machin priyorite sou sekirite pyeton nou yo ak siklis nou yo.

Inisyativ Vision Zero nou an se yon fèm afimasyon ki montre entansyon nou pou nou elimine blesi grav e mòtèl nan sikilasyon nan Miami-Dade anvan 2040. Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW) kontinye bay priyorite a sekirite tout moun ki itilize wout yo, nan pwojè ki rann wout nou yo pi sekirite. Gen plizyè gran avansman ki fèt depi lè nou te adopte Plan Kad Vision Zero a an 2021, epi nou dwe kontinye pakou nou sou wout pou nou atenn zewo aksidan mòtèl, zewo blesi grav.

Pwogrè nou fè yo parèt nan Plan Daksyon Vision Zero 2024 sa a, ki idantifye wout ki genyen risk sekirite ki pi elve yo, epi ki prezante yon plan pou atenn objektif nou yo. Administrasyon mwen an rete devwe pou nou travay ansanm avèk patnè nan nivo federal, Eta a ak lokal pou mete ann aplikasyon rekòmandasyon ki prezante nan Plan Daksyon sa a.

Pandan ke gouvènman konte a ap mete anpil resous nan konstwi wout ki pi sekirite, nou tout genyen responsabilite pou nou pwomouvwa sekirite nan lari lè nou tache senti sekirite nou, lè nou kondui avèk tèt nou klè e san nou pa distrè pandan n ap respekte limit vitès yo.

Ansanm, nou kapab amelyore sante epi youn kapab pwoteje lòt toupatou nan Miami-Dade.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink that reads "Daniella Levine Cava".

Daniella Levine Cava, Majistra Konte Miami-Dade

MESAJ DIREKTÈ A



Chè Rezidan Miami-Dade,

An 2022, te genyen plis pase 3,536 ka lanmò akòz aksidan sikilasyon veyikil a motè an Florid, 9% ladan yo te fèt nan Konte Miami-Dade. Lanmò trajik sa yo te rive pandan aktivite woutin tankou ale nan travay, ale lekòl, oswa ale fè komisyon. Li enpòtan anpil pou nou rekonèt ke aksidan mòtèl sa yo evitab e yo inakseptab. Plan Daksyon Vision Zero a vize pou li kreye yon Konte kote tout moun kapab fè trajè pou yo ale lakay, ale lekòl oswa ale kote pou yo adore san risk blesi grav oswa lanmò.

Pandan ke pwogrè gentan fèt depi kòmansman Plan Kad Vision

Zero 2021 an, toujou gen anpil ki rete pou fèt. Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW) gentan pran plizyè mezi tankou evalye nouvo pasaj pou pyeton nan mwatye-blòk, ogmante atansyon ak sansibilizasyon anè itilizatè wout yo ki vilnerab pa mwayen tretman liy pou bisiklèt, siyalizasyon, jewometri amelyore wout, ak ajoute mezi moderasyon sikilasyon nan katye yo pou rann wout yo pi sekirite. Anplis, efò kontinyèl edikasyon ak sansibilizasyon sou Vision Zero DTPW yo ap rive jwenn rezidan tout laj toupatou nan Konte a. Malgre efò sa yo, kantite blesi grav ak blesi mòtèl aksidan lakòz yo twò wo toujou.

Nan Plan Daksyon 2024 sa a, nou pataje mezi ke Pwogram Vision Zero nou an pral pran pandan senk ane ki pral vini yo pou mete ann aplikasyon politik ak enfrastrikti nesèsè sou pòsyon wout ki va pwodui pi gwo enpak yo nan kad rediksyon blesi grav ak aksidan mòtèl. Plan Daksyon sa a mete aksan sou konsèp kreye wout pou tout moun, nan asire twotwa sekirite ak wout pou bisiklèt, amelyore sekirite nan alantou arè ak estasyon otobis epi fikse entèsèksyon ki danjere yo. DTPW pral kontinye travay ansanm avèk patnè nou yo nan nivo lokal, Eta a ak federal pou asire ke fon yo dedye pou bay sekirite priyorite.

Konte Miami-Dade se bon jan kote pou moun viv, travay ak kote pou moun jwe ak divèti. DTPW devwe pou li ogmante sekirite woutyè pou tout moun epi pou li asire ke sistèm transpò nou an ofri yon avni sekirite ak dirab pou kominote nou an.

Sensèman,

Eulois Cleckley, Direktè ak PDG, Depatman Transpò ak Travo Piblik

REZIME EGZEKITIF



Li plan an konplètman

Istorik Pwogram *Vision Zero* a

Inisyativ *Vision Zero* Konte Miami-Dade te kòmanse an 2018 pandan Òganizasyon Planifikasyon Transpò Miami-Dade (TPO) te lanse premye [Plan *Vision Zero*](#) a. An 2021, Majistra Konte Miami-Dade la, Daniella Levine cava ak Komisyon Konte a te bay priyorite a Pwogram *Vision Zero* (a Pwogram lan) epi etabli objektif pou fini avèk aksidan sikilasyon ki koze lanmò ak blesi grav nan Konte Miami-Dade. Devlopman [Plan Kad *Vision Zero* 2021](#), an te vini avèk angajman sa a, an kolaborasyon ak plizyè moun ki gen enterè ladan. Plan sa a te idantifye pwoblèm sekirite woutyè nan Konte a, li te note faktè ki kontribye a pwoblèm yo, kalkile tip aksidan selon itilizatè wout yo ak karakteristik wout a tisk elve, li te fè yon evalyasyon ekite, epi li dekri priyorite ak mezi pou kontrekare pwoblèm sekirite ki deja fè prèv yo pou amelyore sekirite nan zòn a risk elve yo.

Done Demografik Konte a ak Zòn Ekite

Planifikasyon yon rezo transpò ki sekirite e konekte ki sèvi bezwen aksè divès rezidan ak vizitè Konte Miami-Dade se yon eleman ki esansyèl. Dapre done resansman 2021 an, Konte Miami-Dade klase kòm setyèm konte ki gen plis moun nan peyi Etazini, avèk yon popilasyon ki apeprè 2.71 milyon moun. Miami-Dade se sèl konte nan Florid ki reprezante tou nan 15 pi gwo konte nan peyi a (resansman, 2023 Etazini). Prèske 70% rezidan Konte Miami-Dade idantifye kòm Panyòl oswa Latino epi 20% nan popilasyon an gen mwens pase laj 18 ane (Biwo Resansman Etazini 2022).

62% aksidan KSI

sou wout konte ak wout minisipal yo te fèt nan ZÒN EKITE

USDOT Justice40 Initiative's ETC Explorer defini kominote defavorize nan zafè transpò yo apati senk faktè: (1) Ensekirite Transpò (2) Fado Risk Klimatik ak Katastwòf (3) Fado Anviwònmantal (4) Vilnerabilite Sante (5) Vilnerabilite Sosyal

Depatman Transpò Etazini (USDOT) Justice40 Initiative's Equitable Transportation Community (ETC) Explorer, ki defini kominote defavorize nan zafè transpò apati senk faktè (Ensekirite Transpò, Fado Risk Klima ak Dezas, Fado Anviwònmantal, Vulnerabilite Sante, ak Vulnerabilite Sosyal), montre ke 62% (1,554) nan aksidan nan ane 2018-2022 te koze lamò oswa blesi grav (KSI) sou wout konte a ak wout minisipal yo te fèt nan zòn ekite yo (gade seksyon Mizajou Done *Vision Zero* pou plis enfòmasyon).

PWOBLÈM SEKIRITE SIKILASYON AFEKTE

DISPWOPOSYONELMAN e NEGATIVMAN Itilizatè wout ki pa veyikil yo (konpare avèk chofè yo)

Enpak Demezire Sekirite Woutyè

Gen plizyè etid ki te demontre ke itilizatè wout ki pi vilnerab pou aksidan, e done resansman yo montre yon gran korelasyon avèk moun ki konsidere kòm pi defavorize atravè analiz sosyo-ekonomik ak analiz demografik. Plan Kad *Vision Zero* 2021 Konte Miami-Dade la te idantifye zòn jewografik yo te afekte seryezman pa yon to aksidan ak blesi elve sou wout (yo rele tou Zòn Priyorite Ekite), yo te gen rapò tou avèk to aksidan ki pi wo yo.

Li gen ladan zòn ki gen pi gwo konsantrasyon fanmi a revni fèb, fwaye ki san oto, ak popilasyon minorite (ki pa blan). Anplis de sa, itilizatè wout ki pa sou veyikil yo (siklis, pyeton, pasaje transpò piblik, pasaje mobilèt, elatriye) sibi yon enpak disproporsyonel e advès pwoblèm sekirite woutyè nan sikilasyon le ou konpare yo avèk chofè.

Devlopman Plan Daksyon

Plan Daksyon sa a te devlope an kowòdinasyon trè sere avèk yon Komite Teknik ki gen ladann




reprizantan Konstriksyon DTPW, Konsepsyon Otowout, Operasyon Sikilasyon, Enfrastrikti Transpò, Planifikasyon Sèvis, ak Planifikasyon Miltimodal, ansanm ak Depatman Pak, Rekreyasyon ak Espas Ouvè (PROS) Konte a. Komite Teknik la te bay opinyon ki gen anpil valè sou faktè pou devlope Rezo a Blesi Elve (HIN), Endikatè Pèfòmans Enpòtan (KPI), ak Angajman Aksyon Enpòtan (KAC) pandan devlopman plan an.

Anplis de sa, lè ekip pwojè a rekonèt dimansyon jewografik plan sa a, li te òganize de Atelye Minisipal Vision Zero ak reyinyon patikilye avèk minisipalite yo pou pi byen konprann priyorite sekirite espesifik yo epi pou kolabore sou mesaj Vision Zero a. Yo te ankouraje minisipalite yo pou yo pataje twa pi gwo priyorite sekirite yo ki baze sou pwòp analiz sekirite anvan oswa analiz kontinyèl yo. Opinyon sa a afiche nan lis seksyon Priyorite Sekirite Minisipal yo.




Yon Apèl Ijan pou Pase Alakasyon



Se yon konpreyansyon pwofon sou objektif prensipal nou ap pousuiv la ki dirije Plan Daksyon sa a: amelyore sekirite woutyè pou tout moun, kèlkeswa orijin yo oswa mòd transpò yo. Pou mete aksan sou enpòtans misyon sa a, Plan an mete yon gwo anfas sou naratif pèsònèl yo. Yo te pataje istwa boulvèsan rezidan Miami ki te trajikman pèdi lavi yo sou rezo transpò konte a, yon fason pou komemore lavi yo e kominike enpak aksidan mòtèl genyen sou fanmi, zanmi ak kominote nou yo. Istwa sa yo sèvi kòm rapèl sezisan sou lavi ke aksidan sou wout afekte, epi ranfòse ijans ak siyifikasyon efò nou yo.



KAT ZÒN CHO KI MONTRE DANSITE KOLIZYON EFEKTIF¹ KSI²


LEJANN

-  **Kominote defavorize (EJ-40)**
-  **Limit Konte**
-  **Limit minisipalite**

Dansite Kolizyon Efektif KSI
 **Dansite Fèb Kolizyon**
 **Dansite Elve Kolizyon**




¹Kolizyon Efektif: Pwa total ki plase sou yon aksidan ki fèt. Faktè ponderasyon sa yo gen ladan yo kolizyon Itilizatè Vilnerab (Bisiklèt ak Pyeton) ki peze kòm kolizyon 1.25 ak kolizyon Mòtèl ki peze kòm kolizyon 2.0.
²KSI: Mouri oswa Blese Grav







KAT ZÒN CHO KI MONTRE DANSITE KOLIZYON PYETON KSI¹


LEJANN

-  Kominote defavorize (EJ-40)
-  Limit Konte
-  Limit minisipalite

Dansite Kolizyon Pyeton KSI
 Dansite Fèb Kolizyon
 Dansite Elve Kolizyon

¹KSI: Mouri oswa Blese Grav





KAT ZÒN CHO KI MONTRE DANSITE KOLIZYON SIKLIS KSI¹

LEJANN


-  Kominote defavorize (EJ-40)
-  Limit Konte
-  Limit minisipalite

Dansite Kolizyon Siklis KSI





-  Dansite Fèb Kolizyon
-  Dansite Elve Kolizyon

¹KSI: Mouri oswa Blese Grav





REZO KAT MIAMI-DADE A KANTITE ELVE BLESİ

- LEJANN**
-  Kominote defavorize (EJ-40)
 -  Limit Konte
 -  Limit Minisipalite
 -  40 premye segman HIN





Rezime Angajman Aksyon Esansyèl yo (KAC) ak Endikatè Pèfòmans Esansyèl (KPI)

Angajman Aksyon Esansyèl (KACs): Angajman estratejik ki baze sou politik ak pwogram pou avanse Vision Zero. **Endikatè Pèfòmans Esansyèl (KPIs):** Endikatè Trasab pou mezire pwogrè nan direksyon objektif Vision Zero yo.

KAC ak KPI yo trè enpòtan an pou suiv pwogrè ak efikasite inisyativ Vision Zero DTPW yo, sa ki pi enpòtan, elimine tout mòtalite sikilasyon. KAC ak KPI Vision Zero DTPW te òganize an tèm (zòn konsantre) pou ede priorize efò ki apwopriye. Pou plis detay, gade seksyon **Let's Take Action** nan Plan konplè a.

Tablo 1: Rezime KAC ak KPI yo

Tip	Estrateji	Ajans Prensipal	Estrateji Aplikasyon	Pwen ak Objektif Angajman/Done
ZÒN DENTERÈ 1: Amelyore Pwosesis ak Kolaborasyon				
KAC	Enstitusyonalize Pwogram Vision Zero nan Konte a	DTPW	Kiltive lidèchip entèn ak ekstèn ak finansman alwe pou kreye momentòm pou reyalize objektif pwogram yo.	<ul style="list-style-type: none"> Etabli yon sous finansman pèmanan, alwe pou enplemantasyon ak kowòdinasyon Vision Zero. Kontinye kreye yon Pwogram Vizyon Zero avèk pèsònèl ki devwe. Etabli Gwoup Travay Entèn Vizyon Zero avèk reprezantan ki nan depatman Konte Miami-Dade pou avanse priorite, politik ak pwosesis Konte a. Entegre Vision Zero nan Pwosesis Devlopman Pwojè Konte a ak Plan Direktè pou asire ke efò Vizyon Zero yo enkòpore nan chak pwojè transpò pandan planifikasyon, enjenyeri, ak antretyen.
KPI			Alwe pèsònèl ak finansman apwopriye pou sipòte yon pwogram Vision Zero ki solid.	<ul style="list-style-type: none"> Alwe \$3 Milyon chak ane nan Pwogram Vizyon Zero, ogmante a \$3.5 Milyon apre 2 ane, pou pwochen 5 ane yo. 1.5 Anplwaye Aplentan (FTE) adisyonèl pa ane, ki ap ogmante a 3 anplwaye aplentan pa ane apre 2 ane.
KAC	Kowòdone avèk Patnè Esansyèl (Tout 34 Minisipalite yo, Miami-Dade TPO, FDOT, Lapolis, Depayman Ponpye, Sèvis Medikal Dijans, Rechèch ak Òganizasyon kominotè)	DTPW	Nou konnen ke reyalize Vizyon Zewo mande kolaborasyon rejyonal, nou kontinye avanse priorite sekirite avèk patnè esansyèl yo.	<ul style="list-style-type: none"> Asire ke pèsònèl Vision Zero yo reprezante nan reyinyon rejyonal esansyèl yo avèk patnè entègouvènmantral yo. Devlope yon Kowalisyon Vision Zero ki reyini de fwa pa ane epi ki òganize reyinyon sougwoup chak trimès ann akò objektif Safe System Approach la ki sanble ak menm jan ak Kowalisyon Sekirite Pyeton ak Siklis FDOT la.
KPI			Sipòte patenarya esansyèl yo pou avanse opòtinite pou kowòdone avansman priorite Vision Zero epi reponn a preokipasyon sou sekirite.	Anrejistre epi suiv rezilta ak priorite reyinyon kowòdinasyon an.
KAC	Asire ke Politik ak Pwogram yo sipòte Vision Zero	DTPW	Adopte chanjman politik, lejislatif ak pwogramasyon pou amelyore sekirite sikilasyon.	<ul style="list-style-type: none"> Devlope yon politik Vision Zero. Modifye estanda enjenyeri Konte a pou ajoute estanda Ri Konplè ak mezi ki tanporize sikilasyon. Entegre "moman sekirite" nan prezantasyon piblik yo.
KPI			Egzamine regilyèman politik ak opòtinite pwogram yo pou regle pwoblèm baryè ki egziste deja ak/oswa pote pi lwen objektif sekirite transpò.	Kantite mizajou politik yo etabli chak ane ki sipòte Vision Zero.
KAC	Mete aksan sou itilizatè ki vilnerab yo	DTPW	Konnen ke pyeton, siklis, ak pasaje transpò piblik patikilyèman vilnerab a vyolans sikilasyon, konsantre politik, pwogram, ak pwojè sou pwoteje itilizatè sa yo.	Adopte yon rezolisyon Konte ki priorize itilizatè ki pi vilnerab yo nan lòd annapre a: moun ki ap mache/aksède transpò piblik, moun ki ap monte bisiklèt epi sèvi ak mòd mikwo-mobilite, veyikil transpò piblik, ak veyikil kago ak veyikil pèsònèl.
KPI			Avanse politik, pwogram ak pwojè ki mete aksan sou amelyore rezilta sekirite pou itilizatè vilnerab wout yo.	<ul style="list-style-type: none"> Kantite pwojè pwograme ki amelyore sekirite, konektivite, ak/oswa aksè nan arè, estasyon, oswa sant transpò piblik. Kantite pwojè pwograme ki amelyore sekirite non-motorize pou ale ak pou soti nan etablisman edikasyon. Kantite pwojè pwograme ki ogmante chemen ki deziyen pou itilizatè vilnerab wout yo oswa ki andisi/pwoteje oswa separe chemen de vitès pi rapid ak mòd transpò ki pi lou.
ZÒN DENTERÈ 2: Konstwi ri ki an sekirite pou tout moun				
KAC	Reyalize Sekirite Wins System-Wide	DTPW	Pwojè transpò yo ta dwe genyen kad Vision Zero a soti nan priorite finansman rive nan faz livrezon, operasyon, ak antretyen pwojè a.	<ul style="list-style-type: none"> Enplemante siyal ak/oswa modifikasyon operasyonèl ki pwouve ke yo ka diminye aksidan grav. Mete objektif Konte a nan chak pwojè transpò. Enkòpore analiz sekirite lè nou ap refè oswa modifye enfrastrikti transpò ki egziste deja. Bay modèl pou amelyore pwosesis pou minisipalite yo aplike pou enstale tretman tanporizasyon sikilasyon (akò entè-lokal).
KPI			Anplis vize amelyorasyon HIN, konte a ap avanse chanjman nan tout sistèm lan ann akò avèk Safe System Approach.	<ul style="list-style-type: none"> Kantite KSI sou rezo woutye Konte Miami-Dade. Kantite pwojè sekirite ki fini. Kantite aplikasyon pou sibvansyon ki yo soumèt ki konsantre sou finansman pwojè Vision Zero oswa Complete Streets.

Rezime Angajman Aksyon Esansyèl yo (KAC) ak Endikatè Pèfòmans Esansyèl (KPI)

Tip	Estrateji	Lead Agency	Estrateji Aplikasyon	Pwen ak Objektif Angajman/Done
KAC	Amelyorasyon Objektivite sou HIN lan	DTPW	Konnen ke 25% aksidan rive sou mwens pase yon pousan nan wout Konte Miami-Dade, konsantre amelyorasyon sou HIN lan.	<ul style="list-style-type: none"> Etabli pwosesis pou asire ke yo evalye ak enplemanite mitigasyon Vision Zero kote sa posib sou pwojè ki tonbe sou HIN lan. Asire evalyasyon konsistan anvan e apre enplemantasyon amelyorasyon sekirite yo ansanm HIN lan.
KPI			Diminye KSI yo sou koridò sible sa yo pou reyalize pwogrè mezirab nan direksyon Vision Zero.	<ul style="list-style-type: none"> Kantite pwojè sou HIN yo. Diminye nan KSI nan kote yo te enstale tretman sekirite jeyometrik.
KPI	Sib Amelyorasyon Sekirite sou wout lokal yo ak wout pèseptè yo	DTPW	Enstale amelyorasyon sekirite woutyè yo nan 100 anplasman prensipal yo.	Aplike tretman sekirite jeyometrik nan 10 entèseksyon pa ane (objektif debaz Faz 1), ak 20 entèseksyon pa ane pou Faz 2.
KAC	Priorize itilizatè ki vilnerab	DTPW	Priorize politik, pwogram ak pwojè sou kreye enstalasyon ki sekirite, multimodal pou tout moun – avèk plis anfas sou itilizatè vilnerab yo.	<ul style="list-style-type: none"> Devlope bwat zouti kont-mezi pou sekirite multimodal. Enstale/amelyore tretman pasaj a pyeton ak ekleraj, ak anfas espesyal sou pasaj mwaye blòk, ki konsistan avèk estanda DTPW. Kantite mòtalite siklis/pyeton. Kantite siyal yo ajiste aèkk Leading Pedestrian Interval (LPI). Plizyè mil enstalasyon adapte a kontèks bisiklèt yo enstale. Plizyè mil ki pa t gen twotwa ki bati.
KPI			Reyalize zewo mòtalite pyeton ak siklis.	
ZÒN DENTERÈ 3: Kreye vitès sekirite				
KAC	Aplikasyon lalwa	Miami-Dade PD DTPW	Priorize aplikasyon lalwa sou vitès ak vyolasyon ki gen rapò ak HIN, an konsiltasyon avèk manm kominote a ak ajans ki se patnè yo.	<ul style="list-style-type: none"> Etabli règleman ak finansman pou sipòte aplikasyon otomatize lalwa sou vitès pou vyolasyon sikilasyon, tankou vyole limyè wouj oswa eksè vitès, pou diminye konpòtman danjere sou volan. Asire aplikasyon lalwa ki vizib epi kominike priorite sa a yon fason ki transparan bay kominote a.
KPI			Sible aplikasyon lalwa pou limit vitès sou HIN lan.	Kantite kanpay pou aplikasyon lalwa konsènan vitès sou HIN la.
KAC	Amelyorasyon rediksyon vitès vize	DTPW	Priorize tretman pou diminye vitès nan devlopman pwojè, sitou lè yo sou segman HIN.	<ul style="list-style-type: none"> Fè odit sekirite woutyè sou HIN yo. Egzamine HIN pou w konprann ki koridò ki te gen pi gwo evènman aksidan ki gen rapò ak vitès. Fè analiz rediksyon vitès sou HIN yo. Diminasyon pousantaj veyikil ki vwayaje 5+ MPH sou vitès ki afiche a apre enstalasyon amelyorasyon yo. Enstalasyon zouti pou fè respekte vitès sou HIN. Fè evalyasyon vitès nan tout konte a pou eksplòre rediksyon ki nesèsè yo. Rafine ak pataje pwosesis avèk minisipalite yo pou diminye limit vitès pa defo nan katye rezidansyèl yo soti 30MPH rive 20MPH ki konsistan avèk limit akseptab nan Lwa Florid yo. Travay pou fikse yon limit vitès maksimòm 35 MPH, ki redui soti nan 45 MPH, nan tout ri apwopriye ki klase kòm atè ak kolektè. Aktyalize politik konte a pou itilize lojisyèl USLIMITS2 pou fikse limit vitès olye pou yo itilize vitès 85yèm pousantaj la. Fè analiz rediksyon vitès sou 5 HIN pou chak ane (ogmante a 7 HIN pou chak ane pou Faz 2). Priorize evalyasyon limit vitès nan Zòn Priorite Ekite (20% analiz).
KPI			Priorize amelyorasyon ki gen rapò ak rediksyon vitès sou HIN la.	
KAC	Evalyasyon limit vitès	DTPW FDOT	Travay avèk FDOT ak Divizyon Operasyon Sikilasyon DTPW (ki apwouve rediksyon limit vitès kounye a apre etid ak pwosesis revizyon) pou klarifye lè evalyasyon limit vitès afiche yo posib nan yon kontèks objektif Vision Zero ak mezi sekirite, alafwa sou pwojè koridò yo ak nan chak minisipalite.	
KPI		DTPW	Vitès ki afiche yo se yon kontèks ki apwopriye avèk eta zòn lan.	
ZÒN DENTERÈ 4: Ankouraje yon Kilti Sekirite				
KAC			Fè angajman Vision Zero pandan tout dire pwojè a.	<ul style="list-style-type: none"> Lanse Pwogram Sansibilizasyon Lyezou avèk Patnè Kominotè lokal yo avèk finansman NSC. Devlope yon kalandriye evènman sansibilizasyon avèk pòs sou rezo sosyal ki reflekte estrateji sansibilizasyon pou evènman repetitif tankou sezon Re-ouvèti Lekòl la, 100 jou ki pi danjere pou chofè adolesan, prekosyon jou ferye/gran evènman, Ride of Silence, evènman Pak ak Espas Ouvè, elatriye. Kantite evènman kominotè etabli pa ane ki fèt pou edike rezidan yo sou Vision Zero. 50% pousan oswa plis nan evènman kominotè yo fèt nan kominote ekite priorite yo. Kantite patenarya ak pwogram ki gen rapò avèk lekòl ak jèn, tankou YMCA ak Boys & Girls Clubs pou ofri sansibilizasyon vision zero ki oryante pou jèn Kantite evènman ki te òganize/patisipe nan Pwogram Lyezou avèk Patnè Kominotè Lokal yo.
KPI	Edikasyon Kontinyèl	DTPW	Asire ke sansibilizasyon nan plizyè lang vision zero yo gen priorite, avèk yon aksan sou zòn ekite priorite.	

Rezime Angajman Aksyon Esansyèl yo (KAC) ak Endikatè Pèfòmans Esansyèl (KPI)

Tip	Estrateji	Lead Agency	Estrateji Aplikasyon	Pwen ak Objektif Angajman/Done
KAC	Mesaj Vision Zero	DTPW	Rafine pake materyèl mesaj Vision Zero pou asire adopsyon konsistan avèk mesaj Safe System Approach atravè minisipalite yo.	<ul style="list-style-type: none"> • Devlope ansèy sou mak Vision Zero pou enstale avèk pwojè enfrastrikti Vision Zero pandan peryòd konstriksyon. • Devlope mesaj estanda konsènan Vision Zero ak sekirite woutyè pou itilizasyon tout minisipalite yo lè yo ap kominike avèk medya ak piblik la. • Dekrete yon kanpay piblik solid pou kreye yon sans ijans pou reyalize Vision Zero. • Kantite enpresyon/like/kòmantè/pataj sou kontni Vision Zero Konte Miami-Dade sou rezo sosyal yo. • Kantite vizit ak sondaj moun soumèt sou sitwèb Vision Social Pinpoint Zero Konte Miami-Dade. • Kantite kanpay Vision Zero ki enprime ak odyo (anons radyo, pano afichaj, banabri otobis, piblisite sou transpò piblik, elatriye).
KPI			Asire ke mesaj Vision Zero entegre nan evènman ki konsantrè sou sekirite ak sansibilizasyon atravè konte a (alafwa an pèsòn ak sou entènèt).	

ZÒN DENTERÈ 5: Amelyore done epi fè transparans

KAC	Priorize kolaborasyon	DTPW	Elaji sijè ki abòde done ki disponib dèyè dosye ensidan lapolis pou mete ladan atik tankou done ki gen rapò avèk sante ak dosye sekirite transpò piblik.	Etabli patenarya pou analize done anonim ki gen rapò ak transpò ki soti nan etablisman medikal rejyonal yo pou rasanble enfòmasyon ki pi konplè sou aksidan ki pa KSI ak sa ki pwòch aksidan nan rejyon an.
KPI			Akonplisman Vision Zero yo konsidere kòm yon apwòch ki enplike tout sektè pou atenn objektif sekirite kolektif yo.	Reyinyon anyèl avèk patnè done yo.
KAC	Demontre Gen ak Zòn Amelyorasyon	DTPW	Devlope yon rapò anyèl ki chita sou reyalite pou dokimante pwogrè nan direksyon pou atenn objektif pwogram yo (ak mete an evidans zòn KSI yo, pwojè nan domèn ekite, rediksyon vitès ak aksidan rate, ak chanjman politik yo).	Distribye Rapò Evalyasyon Anyèl atravè sitwèb Konte a ak patnè minisipal/kominotè yo.
KPI			Kominote Miami-Dade selebre pwojè ki reyisi ansanm ak pèsònèl la epi li konprann ijans ak patenarya ki nesès pou siksè kontinyèl ki ap fè nou pran direksyon yon sikilasyon san mòtalite.	<ul style="list-style-type: none"> • Kantite evènman selebrasyon enplemantasyon pwojè Vision Zero ki te fèt. • Kantite pwomosyon medya pwojè ki enstale.
KAC	Mezire Pwogrè	DTPW	Fè etid evalyasyon anvan e apre pou detèmine siksè pwojè sekirite Vision Zero ki enstale yo.	<ul style="list-style-type: none"> • Distribye rezilta yo bay patnè minisipal yo pou enfòme pwochen konsepsyon pwojè yo. • Afiche etid evalyasyon sou sitwèb epi asosye yo avèk done sondaj ki soti nan men manm kominote nan zòn pwojè yo. • Kantite anyèl KSI sou rezo woutyè Konte Miami-Dade. • Kantite total pwojè sekirite ki fini.
KPI			Kominote Konte Miami-Dade la konprann enpòtans Vision Zero e poukisa sikilasyon san mòtalite se sèl nimewo ki akseptab.	
KAC	Kominike done avèk transparans	DTPW	Devlope epi aktyalize regilyèman yon tablodbò done pou kominike HIN yo, evènman Vision Zero, suiv pwogrè, elatriye	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak finansman NSC akòde pou konstwi premye tablodbò done a. • Pataje tablodbò ak ajans entèn ak ekstèn ki se patnè pou itilize nan efò planifikasyon ki apwopriye. • Pibliye done yo sou Open Data Hub Konte Miami-Dade oswa yon lòt sit minisipal ki aksesib piblikman. • Kantite vizit nan nouvo tablodbò done a. • Kantite telechajman materyèl Vision Zero.
KPI			Kominote Miami-Dade gen aksè a done yo bezwen pou konprann ki kote defi sekirite yo egziste ak ki/lè pwojè sekirite yo ap vini nan katye yo.	